

Family ID Number: \_\_\_\_\_ Participant Name(s): \_\_\_\_\_

## Dwa ak Responsablite WIC yo

Nou vle asire nou ou konprann dwa ak responsablite ou kòm yon patisipan nan pwogram WIC. Dwa ak responsablite WIC yo aplike tou si w ap resevwa avantaj nan Farmers' Market Nutrition Program (Pwogram Nitrisyon Mache Kiltivatè WIC) (FMNP) WIC. Dwa ak responsablite FMNP yo gen ladan, men yo pa limite a, tretman avèk respè ak koutwazi nan men vandè FMNP yo, epi itilize avantaj mache kiltivatè yo jan anplwaye WIC la endike w sa.

### Dwa Mwen yo

- **Manje WIC yo:** Si mwen kalifye pou WIC, mwen ap resevwa yon kat eWIC pou achte manje ki bon pou sante yo. WIC bay kèk, men pa tout, nan manje/fòmil chak patisipan bezwen.
- **Enfòmasyon sou nitrisyon:** Mwen pral resevwa enfòmasyon sou alimentasyon ki bon pou sante ak yon vi aktif.
- **Sipò pou alètman:** WIC pral ede epi ban mwen sipò pou alètman.
- **Enfòmasyon sou swen sante:** Mwen pral resevwa enfòmasyon sou vaksen, jwenn swen sante, ak lòt sèvis ki ka enterese m.
- **Tretman jis:** Règleman pou kalifye pou WIC yo menm pou tout moun. Mwen ka mande pou yon Odyans Jis si yon moun di mwen pa ka patisipe nan WIC epi mwen pa dakò.
- **Koutwazi jeneral:** Pèsonèl WIC ak magazen yo pral trete m avèk koutwazi ak respè. Mwen ka di pèsonèl WIC a sa si yo pa trete m ak respè.
- **Transfè enfòmasyon:** Mwen ka transfere WIC mwen an bay lòt klinik oswa eta. Mwen kapab mande yon papye transfè.
- **Pwogram Nitrisyon WIC a pa nan paspouki:**

#### USDA Nondiscrimination Statement

Pou tout lòt pwogram asistans nitrisyon FNS yo, ajans leta oswa lokal yo, ak sou-benefisyè yo, yo dwe afiche Deklarasyon kont diskriminasyon sa a:

Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa sivil yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte responsab Ajans Eta oswa lokal ki administre pwogram lan oswa USDA's TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan: <https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ad3027-haitian-creole.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele 866-632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòmè Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli nan USDA pa:

- (1) **pa lapòs:**  
U.S. Department of Agriculture  
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights 1400 Independence Avenue,  
SW  
Washington, D.C. 20250-9410; oswa
- (2) **faks:**  
(833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa
- (3) **imèl:**  
[program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov)

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.

## Enfòmasyon Pataje

Yo gendwa paraje enfòmasyon ou:

- Lòt pwogram WIC yo si w transfere.
- **Avèk lòt pwogram piblik ki kapab ba w èd. Ou gendwa mande pou w wè yon lis pwogram sa yo.**
- Jan lalwa mande sa.

## Responsablite mwen yo

**Mwen dakò pou m bay enfòmasyon ki vrè ak konplè sou:**

- Idantite mwen, estati gwosès mwen, estati mwen kòm moun k ap bay tete, adrès mwen, ak nimewo telefòn mwen.
- Revni fwaye mwen.
- Kantite moun k ap viv nan fwaye mwen.
- Antanke benefisyè Medicaid, FoodShare (koupon manje), TANF (Temporary Assistance to Needy Families (Asistans Tanporè pou Fanmi ki Nan Bezwen)), oswa FDPIR (Food Distribution Program on Indian Reservations (Pwogram Distribisyon Manje nan Rezèvasyon Endyen)).

**Mwen dakò swiv regleman ki anba yo. Mwen pral:**

- Resevwa èd sèlman nan yon sèl klinik WIC chak mwa.
- Rapòte bay anplwaye WIC si kat eWIC mwen oswa ponp tete WIC mwen pèdi oswa yo vòlè li.
- Asire mwen nenpòt moun mwen nonmen pou itilize kat eWIC mwen an konnen regleman WIC yo. M ap anseye l sou kijan pou l itilize kat eWIC mwen an kòrèkteman.
- Respekte randevou WIC mwen oswa rele klinik la pou pran yon lòt randevou.
- Sèvi ak manje ak fòmil WIC sèlman pou moun ki nan pwogram WIC a epi asire manje yo bon pou moun ki nan WIC nan ka kote gen gad komen, swen adoptif, elatriye.
- **Pa vann, bay, oswa ofri kat eWIC mwen, manje oswa fòmil WIC, oswa ponp tete a.** Si mwen atik WIC mwen pa kapab itilize, m ap retounen yo nan klinik la.
- Pa fè komès/echanje oswa retounen kat eWIC mwen an, manje oswa fòmil WIC, oswa ponp tete a pou lajan, kredi, resèvasyon, oswa lòt atik.
- **Pa pibliye atik WIC yo sou entènèt.**
- Swiv regleman nan Gid Acha WIC a.
- Pa joure, rele sou, anmède, menase, oswa blese fizikman anplwaye WIC oswa magazen yo.
- Pa fè pwòp tranzaksyon mwen sòf nan kès otomatik, si mwen se anplwaye yon magazen WIC otorize.

**Akò: Mwen dwe dakò ak pwèn sa yo pou m ka benefisye pwogram WIC a:**

- Tout enfòmasyon mwen bay WIC yo vrè. Mwen ap di pèsònèl WIC sa lamennm gen yon chanjman.
- WIC kapab verifye kantite moun k ap viv nan fwaye mwen ak tout sous revni nan fwaye mwen.
- Si mwen vyole regleman WIC yo, yo kapab retire mwen menm, oswa pitit mwen an nan pwogram WIC a.
- Si mwen bay manti oswa kache enfòmasyon pou m jwenn manje WIC oswa si mwen pa retounen yon ponp tete yo prete m, mwen ka oblije remèt WIC valè lajan atik sa yo vo.
- WIC se yon pwogram èd federal. Si mwen vyole regleman WIC yo, mwen ka sibi pouswit sivil oswa kriminel dapre lwa leta ak lwa federal.

**Mwen te li fòmilè sa oswa yon aplwaye WIC te li fòmilè sa pou mwen. Mwen konprann epi mwen dakò ak regleman epi akò ki pi wo yo, epi mwen te resevwa yon kopi dwa ak responsablite sa yo nan Gid Acha WIC a.**

**SIYATI – Patisipan/Paran/Gadye/Moun k ap bay swen**

Dat Siyati